



Pou Piblikasyon Imedya: 24/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIGNE LEJISLASYON KI ELAJI ITILIZASYON KAMERA VITÈS NAN ZÒN LEKÒL VIL NEW YORK YO

*Lejislasyon (S.5602B/A.10438) renouvle otorizasyon jiska 1e jiyè 2025 epi elaji itilizasyon kamera nan lè operasyon yo 24 sou 24 ak 7 sou 7*

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.5602B/A.10438) pou re-otorize ak elaji itilizasyon kamera vitès nan zòn lekòl Vil New York yo a 24 èdtan pa jou, sèt jou pa semèn. Gouvènè a te siyen pwojè lwa a jodi a ansanm ak Majistra Vil New York la Eric Adams, Senatè Eta Andrew Gounardes, Manm Asanble Deborah Glick, ak defansè pou lari an sekirite yo.

"Priyorite nimewo en mwen antanke Gouvènè se kenbe Nouyòkè yo an sekirite, e sa kòmanse ak asire ke timoun nou yo ka fè wout pou ale ak soti lekòl san yo pa blese", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen vle remèsye tout lejislasyon yo ki te travay di pou rann sa posib, paske Nouyòkè yo pa jis merite lari ki an sekirite nan kèk lè pandan jounen an. Nou bezwen sèvi ak tout zouti ki a dispozisyon nou, epi twòp nan timoun nou yo mouri pa machin pou yo pa re-otorize ak elaji pwogram sa a pou sove lavi."

"Se responsablite nou pou nou fè tout sa nou kapab pou kenbe timoun nou yo ak lari nou yo an sekirite, espesyalman ozalantou lekòl nou yo. Twòp moun blese ak lavi deja pèdi akòz chofè ki ensousyan", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.**

"Nouvo lejislasyon kamera vitès la ki te siyen an lwa jodi a non sèlman pwoteje pyeton yo kont machin k ap kouri nan gran vitès, men li ajoute yon kouch pwoteksyon siplemantè nan anpeche krim yo rive."

Kounye a, Lwa sou Veyikil ak Sikilasyon (Vehicle and Traffic Law) an limite lè operasyon kamera vitès nan zòn lekòl Vil New York yo soti 6:00 AM rive 10:00 PM nan jou lasemèn yo. Lejislasyon sa a renouvle otorizasyon pou itilize kamera sa yo jiska 1e jiyè 2025 epi li amande Lwa sou Veyikil ak Sikilasyon an pou elimine limit sou èdtan operasyon yo.

An 2013, yon pwogram demonstrasyon senkan te pèmèt yo itilize yon ti kantite kamera sekirite toupre lekòl yo nan Vil New York nan kèk lè nan jounen an. Lwa sa a te renouvle ak elaji an 2019, epi ekstansyon aktyèl la fikse pou ekspire le 1e jiyè 2022.

Vil New York te konstate yon ogmantasyon trajik nan lanmò ki lye ak sikilasyon, e li klè ke kondwit ensousyan pa limite a lè lajounen pandan lasemèn yo. Fòk gen plis bagay ki fèt pou pwoteje fanmi New York yo, epi lè li siyen lejislasyon sa a, Gouvènè Hochul ap pran mezi rapid pou asire ekspansyon politik ki demontrab ki kapab sove lavi yo.

**Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare,** "Sekirite sikilasyon se sekirite piblik, epi kamera vitès yo sove lavi — kounye a nou ka itilize zouti pwouve sa a 24 sou 24 ak 7 jou sou 7. Lendi sa a, nou te wè yon lòt fwa ankò reyalite vyolans sikilasyon nan vil nou an. Si lari nou yo pa an sekirite, ebyen vil nou an pa an sekirite. Se konsa nou pwoteje lari nou yo, sove lavi, epi fè Vil New York vin pi an sekirite."

**Senatè Eta Andrew Gounardes te deklare,** "Aswè a 10:01 pm, pou premye fwa depi kamera vitès yo te otorize nan vil New York, nèt ane de sa, kamera yo pral fonksyone pandan wikenn ak pou 24 èdtan pa jou. Sa pral san dout sove anpil lavi nan Vil New York. Mwen vle pou remèsye Gouvènè a paske li siyen pwojè lwa mwen an, men sa ki pi enpòtan, mwen vle remèsye defansè yo ki te goumen di depi lontan pou reyalize tout pwomès pwogram sa a."

**Manm Asanble Deborah Glick te deklare,** "Kòm sipòtè orijinal la pou lejislasyon kamera vitès zòn lekòl la, mwen fyè dèske m te amelyore pwogram ki kapab sove lavi sa a an 2019 ak yon lòt fwa ankò ane sa a. Lè m pèmèt teknoloji pwouve sa a ki baze sou done pou ankouraje yo kondui an sekirite nan tout èdtan pandan lajounen, lari ozalantou lekòl nou yo pral pi an sekirite epi lavi yo pral sove. Sa a se yon gwo viktwa pou sekirite lari, epi yo pa t 'kapab reyalize san defans fawouch Fanmi pou Lari an Sekirite, Altènatif Transpò (Transportation Alternatives), ak anpil lòt. Mwen di Gouvènè Hochul mèsì poutèt li siyen pwojè-lwa enpòtan sa a pou fè li vin yon lwa."

**Lidè Majorite Konsèy Vil New York, Whip Selvena N. Brooks-Powers, Prezidan Komite Transpò ak Enfrastrikti a, te deklare** "Bon aplikasyon mekanis aplikasyon sikilasyon yo, tankou kamera vitès, ak enfrastrikti lari yo, ka sove anpil lavi yo. Mwen bat bravo pou manm Konsèy parèy mwen yo paske yo te adopte Règ Kay la pou asire pasaj pwojè lwa S5602/A10438. Bòdwo sa yo voye yon mesaj klè ke New York gen entansyon anpeche ogmantasyon lanmò ki lye ak sikilasyon ak ensidan k ap ravaje vil nou an."

**Prezidan Minisipalite Queens, Donovan Richards Jr. te deklare,** "Kamera sekirite vitès nan zòn lekòl yo te yon prevantif dokimante kont kondwi danjere, ak siksè demonstrasyon nan sove lavi Nouyòkè ki gen tout laj yo. Ogmante itilizasyon kamera sa yo pral ede anpeche vyolans sikilasyon epi kenbe fanmi nou yo an sekirite, sa ki reprezante yon etap pi devan ki enpòtan nan asire ke lari nou yo vrèman apateni ak tout moun ki sèvi ak yo. Mèsì ak patnè nou yo nan Lejislati eta a paske yo te pase lwa enpòtan sa yo ak Gouvènè Hochul paske li te siyen li an lwa."

**Prezidan Minisipalite Manhattan lan, Mark Levine, te deklare,** "Kounye a plis pase anvan, pandan lanmò ki lye ak sikilasyon yo ap ogmante atravè Manhattan ak NYC, nou bezwen solisyon bon sans, tankou kamera vitès nan zòn lekòl yo, pou pwoteje

Nouyòkè yo. Nou pa ka nye sa ditou. Kamera vitès pwoteje Nouyòkè yo e mwen kontan dèske kounye a yo kapab aktif nan mitan lannwit, lè vitès la pi dominan epi Nouyòkè yo pi an danje. Mwen bat bravo pou Gouvènè a ak kòlèg nou yo nan lejislati Eta a paske yo te ranfòse epi adopte lwa enpòtan sa a epi mwen espere travay avèk yo, defansè yo, ak rezidan chak jou yo kontinye fè presyon pou lari ki pi an sekirite."

**Komisè Transpò Vil New York la, Ydanis Rodriguez, te deklare,** "Nou konnen kamera vitès yo sove lavi, kidonk nou rekonesan anpil pou aksyon Gouvènè Hochul jodi a — paske lwa aktyèl la pa te pèmèt nou anpeche vitès ki ka touye moun nan lè li rive pi plis yo. Nan kad lidèchip Majistra Eric. Adams, nou pral byento delivre yon plan detaye ak efikas pou aplike ak pibliye nouvo lwa enpòtan sa a nan yon fason ki pral kenbe tout Nouyòkè yo an sekirite."

**Ami Cohen, Ko-Fondatè Families for Safe Streets (Fanmi Pou Lari Ansekirite), te deklare,** "Jodi a, Gouvènè Hochul ap sove lavi. Pèdi yon moun ou renmen akòz vyolans sikilasyon terib se yon bagay okenn lòt fanmi New York pa ta dwe travèse. Doulè a endeskriptib. Se poutèt sa nou travay san pran souf pou adopte politik ki pral mete fen nan vyolans sou sikilasyon an. kamera vitès 24 sou 24 ak 7 jou sou 7 pral anpeche plis lavi inosan pèdi nan lari nou an. Ansanm ak Gouvènè Hochul, nou remèsye Senatè Gounardes, Manm Asanble Glick ak tout sipòtè lejislatif nou yo pou angajman yo pran nan kòz sa a epi paske yo fè pati pa yo pou rann lari yo an sekirite atravè senk minisipalite yo."

**Danny Harris, ki se Direktè Egzekitif Altènativ Transpòtasyon yo, te deklare,** "Vitès pa dòmi e kounye a, kamera sekirite kont vitès nou yo pa pral dòmi nonplis. Zouti pwouve pou sispann chofè vitès yo dwe nan chak katye, chak èdtan nan jounen an, chak jou nan semèn nan. Ranfòsman aplikasyon lalawa otomatik pa eta a, ansanm ak rekonsepsyon lari ki an sekirite pa vil la, kapab asire ke pèsonn pa pè lanmò oswa blese lè y ap travèse lari a. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen mezi sa a jodi a ak tout lejislatè eta yo ke lidèchip ki yo te ede avanse zouti pou sove lavi sa a."

**Kate Slevin, Vis Prezidan Egzekitif Asosyasyon Plan Rejyonal la, te deklare,** "Trajikman, moun ki mouri nan sikilasyon nan Vil New York rive nan yon nivo ke nou pa janm wè depi 2015. Se poutèt sa elaji itilizasyon kamera vitès yo enpòtan anpil—yo se yon pati enpòtan nan yon estrateji pi laj ki konbine ranfòsman ak konsepsyon lari pou rann lari yo pi an sekirite pou pyeton, siklis ak chofè yo. Nou felisite Gouvènè Hochul, Senatè Andrew Gounardes, Madanm Asanble Deborah Glick, ak Majistra Eric Adams ak lòt lidè eli yo paske yo avanse lejislasyon sa a."

**Renae Reynolds, Direktè Egzekitif Tri-State Transportation Campaign, te deklare,** "Li pa fè okenn sans pou kamera vitès yo fèmen pandan nwit ak wikenn yo. Lari yo anjeneral mwens konjesyone pandan peryòd sa yo, e se lè sa chofè ensousyan yo gen plis chans pou ogmante vitès. Dènye bagay timoun, paran, granmoun yo ak pyeton vil nou yo bezwen enkyete de li se chofè ensousyan ki lakòz blesi ak lanmò nan lari ozalantou lekòl yo. Nou felisite Gouvènè Hochul paske li re-otorize ak elaji itilizasyon

kamera vitès nan zòn lekòl yo atravè Vil New York. Sipò total Gouvènè a se yon etap enpòtan pou mete fen nan lanmò nan lari yo nan Vil New York."

**Sara Lind, Direktris Règleman nan Open Plans, te deklare,** "Nou bat bravo pou Gouvènè a ak moun ki sipòte pwojè lwa sa a paske yo te pran aksyon ki pral imedyatman rann lari nou yo vin pi an sekirite. Elaji pwogram kamera vitès la se yon premye etap enpòtan pou abòde kriz sante piblik sa a. Kamera yo se yon pati esansyèl nan zouti pou lari ki vrèman an sekirite epi lè nou chèche plis solisyon bon sans, tankou rekonsepsyon lari yo ak limit vitès redwi, nou ka konplètman abòde vyolans sikilasyon ki mòtèl."

**Ken Podziba, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Bike New York, te deklare,** "Avèk kantite moun ki mouri nan sikilasyon ki bat rekò, espesyalman nan èdtan lannwit lan, nou kontan dèske Gouvènè Hochul ak lidè eta nou yo te pran mezi pou elaji pwogram kamera vitès la. Limite kriz vyolans sikilasyon an dwe pi gwo priyorite ofisyèl eli yo nan nivo vil la ak nan nivo eta a, epi nou remèsye gouvènè a pou lidèchip li nan ede konbat kondwi danjere epi nan sispann lanmò ki ka evite."

**Eric McClure, Direktè Egzekitif, StreetsPAC, te deklare,** "Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul dèske li te siyen byen vit lejislasyon ki kapab sove lavi sa a an lwa, epi Senatè Gounardes ak Manm Asanble Glick pou travay fèm yo pou yo te adopte pwojè lwa a. Chofè yo p ap gen limyè vèt (lèse pase) ankò pou yo kondui pi vit byen ta nan mitan lannwit oswa nan wikenn, epi tout Nouyòkè yo pral pi an sekirite akòz sa a. Done yo montre klèman kòman yo kondui yon fason danjere lè kamera yo te etenn, ansanm ak kantite vitès ki redwi lè kamera yo ap fonksyone. Lwa bon sans sa a pral gen yon efè monimantal sou sekirite lari nou yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)